



# *Commonwealth nan Massachusetts*

*Biwo Egzekitif Enèji ak Afè Anviwònman*

*100 Cambridge Street, Suite 900*

*Boston, MA 02114*

Charles D. Baker  
GOUVÈNÈ

Karyn E. Polito  
LYETNAN GOUVÈNÈ

Bethany A. Card  
SEKRETÈ

Telefòn: (617) 626-1000

Faks: (617) 626-1181

<http://www.mass.gov/eea>

## DEKLARASYON KONFÒMITE NAN LIMIT EMISYON GAZ A EFÈ TÈMIK POU 2020

Daprè lwa sou Solisyon Rechofman Klimatik (GWSA, Chapit 298 nan Lwa 2008 jan li amande epi kodifye nan M. G. L. c. 21N) sou baz nan pi bon done ak mezi ki disponib yo, mwen deklare Commonwealth te atenn limit aktivite gaz nosif yo pou 2020 an (GHG) nan nivo 25% pi ba pase 1990 ak aktivite yo estime nan nivo 31.4% pi ba pase 1990 la nan 2020 an.

### Kontèks

An 2008, Massachusetts te apwouve GWSA epi li te vin youn nan premye eta ki te adopte yon apwòch konplè pou redui aktivite GHG pou lite kont chanjman klimatik. GWSA te egzije Ministè Pwoteksyon Anviwònman Massachusetts la (MassDEP) pou detèmine nivo aktivite GHG onivo eta nan ane 1990 ak nivo nòmal yo prevwa pou 2020 si okenn mezi adisyonèl pa aplike pou rediksyon aktivite an. Nan dat 1ye jiyè 2009 MassDEP te pibliye Nivo Aktivite Gaz a efè tèmik onivo eta a: Baz Referans 1990 ak Estimasyon pou 2020 an.<sup>1</sup>

GWSA te egzije Sekretè Enèji ak Afè Anviwònman (EEA) egalman pou tabli yon limit nan aktivite GHG nan tout eta a pou ane 2020 an epi bay yon plan pou atenn rediksyon sa yo pandan y ap devlope ekonomi enèji pwòp la. An Desanm 2010, yo te tabli yon limit 25% pi ba pase nivo 1990 kòm limit emisyon pou 2020 epi yo te pibliye yon Plan Enèji Pwòp ak Klima nan Massachusetts pou 2020 (CECP 2020), ki dekri yon ansanm estrateji ki fèt pou atenn limit emisyon gaz a efè tèmik pou 2020.

An 2015, yo te mete ajou CECP 2020 an (Mizajou CECP 2020) pou reflekte rechèch ak analiz EEA te fè epi pou dekri estrateji espesifik nan rediksyon aktivite ki fèt pou atenn limit

---

<sup>1</sup> Nivo Aktivite gaz ki gen efè tèmik onivo eta a: Baz Referans 1990 ak 2020 san varyasyon, Jiyè 2009 nan <https://www.mass.gov/doc/statewide-greenhouse-gas-emissions-level-1990-baseline-2020-business-as-usual-projection/download>

aktivite GHG pou 2020 an. Aprè Mizajou CECP 2020 an, MassDEP te mete ajou Referans debaz 1990 la an 2016 lè l sèvi avèk done ak metodoloji yo revize epi ki te ajou yo.<sup>2</sup>

Nan mwa septanm 2016, Gouvènè Baker te siyen yon Dekrè Egzekitif 569: Ki etabli Entegrayon Estrateji Chanjman Klimatik pou Commonwealth, li rekonèt chanjman klimatik la prezante yon menas grav pou Commonwealth epi atenn objektif obligatwa GWSA yo ki pral bese efè chanjman klimatik yo. Gouvènè Baker te mande Sekretè EEA a pou kowòdone, rann li konsistan, epi dirije nouvo efò yo ki egziste deja pou modere epi diminye aktivite gaz a efè tèmik yo, pou ranfòse rezistans epi adapte yo ak enpak chanjman klimatik la, epi kowòdone efò yo atravè Sekretarya pou atenn objektif klimatik Massachusetts la.

An Desanm 2018, yo te soumèt rapò pwogrè 10 Ane GWSA a bay Asanble Lejislati a ki dekri efò Commonwealth ap fè pou l redwi emisyon GHG an konfòmite ak GWSA. Analiz ki te fèt pou rapò pwogrè a te endike regleman aplikasyon ki te make nan mizajou CECP 2020 an, ansanm ak lòt estrateji ak regleman ki te aplike depi nan piblikasyon mizajou CECP 2020 an, ede Commonwealth diminye ak efikasite aktivite GHG epi rete sou bon direksyon pou atenn limit aktivite GWSA an 2020.

Pou entegre nouvo done enpòtan, MassDEP te pwopoze nan mwa me 2021<sup>3</sup> pou fè mizajou yon dezyèm fwa sou baz referans 1990 la men li pa t finalize mizajou a akòz yon seri amelyorasyon done ak koreksyon ajans federal yo te fè, MassDEP konte sou li pou devlope yon envantè. Kidonk, an fevriye 2022<sup>4</sup> MassDEP te pwopoze yon mizajou adisyonèl baz referans 1990, yo te pwopoze nan mwa me 2021. Nan devlopman yon Plan Enèji Pwòp ak Klima Massachusetts la pou ane 2025-2030 (CECP 2025/2030), EEA te baze sou valè 1990 yo nan dokiman fevriye 2022 a.

Nan mwa Mas 2022, Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini te pibliye chanjman konsiderab nan envantè nasyonal GHG pou tout ane yo depi 1990. Sa te fè MassDEP pibliye yon 2<sup>yèm</sup> dokiman nan mwa jen 2022 ak mizajou debaz nan mwa me 2021 pou reflète chanjman ki soti nan EPA a.<sup>5</sup> Deklarasyon sa a prezante rediksyon ki soti nan de valè diferan nan aktivite GHG nan ane 1990 onivo eta a: youn soti nan yon dokiman epi lòt la soti nan yon 2<sup>yèm</sup> dokiman an.

---

<sup>2</sup> Nivo aktivite gaz ki gen efè tèmik onivo eta a: Baz Referans 1990 ak yon mizajou sou estimasyon pou ane 2020 an, Jiyè 2016 nan <https://www.mass.gov/doc/statewide-greenhouse-gas-ghg-emissions-baseline-projection-update-including-appendices-a-b/download>

<sup>3</sup> Nivo Aktivite gaz a efè tèmik onivo eta a: Referans mizajou 1990 Me 2021 nan <https://www.mass.gov/doc/statewide-greenhouse-gas-emissions-level-proposed-1990-baseline-update-including-appendices-a-b/download>

<sup>4</sup> Nivo aktivite siplemantè gaz a efè tèmik onivo eta a: Referans Mizajou 1990 Fevriye 2022 nan <https://www.mass.gov/doc/addendum-to-statewide-ghg-level-proposed-1990-baseline-update-february-2022/download>

<sup>5</sup> 2<sup>yèm</sup> Dokiman nan Nivo Aktivite Gaz ki gen efè tèmik onivo eta a: Mizajou debaz 1990 Jen 2022 nan <https://www.mass.gov/doc/2nd-addendum-to-statewide-ghg-level-proposed-1990-baseline-update-june-2022/download>

## Manda Legal

GWSA egzije pou Sekretè EEA a pibliye yon deklarasyon ki pa plis pase 18 mwa aprè dènye jou 2020 an, ki endike nivo konfòmite Commonwealth atenn ak limit aktivite GHG nan tout eta a, nan ane 2020 an ki baze sou pi bon done ak mezi ki disponib yo. Deklarasyon Sekretè a "dwe yon fason rezonab epi detèmine nan ki nivo aktivite yo depase oswa yo pa depase limit epi li dwe konsidere lesou yo dwe aprann nan nenpòt ki siksè oswa echèk nan respè ak limit sa a."<sup>6</sup>

## Apwòch pou Evalye Konfòmite

MassDEP konte sou yon varyete sous ak done pou devlope envantè aktivite GHG nan Massachusetts. Pou 2020 an, pifò done yo men se pa tout, ki disponib kounye a.<sup>7</sup> Lòt done ki rete yo soti nan sektè kote aktivite yo jeneralman pa varye anpil nan yon ane ak yon lòt. Pou devlope yon seri aktivite yo estime pou 2020 an pou rès sektè yo, MassDEP te pran aktivite ki pi wo yo, mwayèn ki pi ba nan ane 2017, 2018 ak 2019 pou chak sektè. Apwòch sa a gendwa souzestime metán nan sektè transpò a (CH<sub>4</sub>) ak pwotoksid dazòt (N<sub>2</sub>O) paske aktivite sektè a nan transpò gaz kabonik la (CO<sub>2</sub>) done aktivite ki disponib yo montre yon gwo bèss an 2020, men MassDEP pa t ajiste estimasyon CH<sub>4</sub> ak N<sub>2</sub>O pou koresponn ak diminisyon nan aktivite CO<sub>2</sub>. Depi sektè transpò CH<sub>4</sub> ak N<sub>2</sub>O se yon ti pòsyon nan envantè a epi yo prevwa valè aktyèl yo pi piti pase estimasyon an, apwòch sa a pa afekte konklizyon Massachusetts ki respekte limit 25% GHG onivo eta an 2020.

Pou detèmine konfòmite 2020 an ak limit aktivite GHG onivo eta a ki gen omwen yon rediksyon nivo 25% an 1990, yo dwe konnen tou de aktivite 1990 ak 2020 an. Gen ase done ki disponib pou ane 1990 ak 2020 pou kapab di avèk sètitud Massachusetts te respekte limit GHG 2020 nan tout eta a ki te 25% pi ba pase aktivite GHG an 1990. Sepandan, gen enfòmasyon espesifik pou konsidere ak aktivite 1990 ak 2020 onivo eta a, jan yo diskite pi wo a.

Sèvi ak pi bon done ak mezi ki disponib yo jan yo detaye nan deklarasyon sa a, tablo ki anba yo rezime nivo konfòmite Commonwealth atenn ak limit 2020 an nan aktivite GHG nan tout eta a, se 25% pi ba pase nivo 1990 la epi yo mezire yon fason rezonab nan ki nivo aktivite yo te fè ki pa depase limit la. Commonwealth te akonpli t konfòmite ak limit aktivite total GHG 2020 onivo eta a nan omwen 25% pi ba pase aktivite 1990. Estimasyon emisyon pou 2020 an se apeprè 64 milyon tòn metrik gaz kabonik (MMTCO<sub>2e</sub>), ki se nivo 31%-32% pi ba pase 1990, tou depann de ki valè yo itilize an 1990. Kit yo itilize aktivite GHG nan tout eta 1990 ki soti nan dokiman oswa 2<sup>yèm</sup> nan, rezilta a se menm: Massachusetts respekte limit 2020 GHG nan tout eta a ki se 25%.

---

<sup>6</sup> M. G. L. c. 21N § 4 (g).

<sup>7</sup> Rès done ki pa disponib kounye a se pou: sektè transpò metán (CH<sub>4</sub>) ak pwotoksid dazòt (N<sub>2</sub>O); gaz kabonik nan sektè agrikilti (CO<sub>2</sub>), CH<sub>4</sub> ak N<sub>2</sub>O; ak pwosesis endistriyèl (kalkè, dolomit, soda ash ak urea CO<sub>2</sub> ak ranplasan sibstans ki diminye ozón, fabrikasyon semi kondiktè) ak transmisyon elektrisite idroflyowokabi (HFC), pèflyowokabi (PFC), silfi egzafluyorid (SF<sub>6</sub>), ak triflorid nitwojèn (NF<sub>3</sub>).

	MMTCO <sub>2</sub> e	% Rediksyon depi 1990
Nivo emisyon 1990 nan dokiman apati fevriye 2022	94.0	n/a
2020 limit apati dokiman fevriye 2022 a	70.5	25%
aktivite pasyèl ki disponib an 2020	60.4	n/a
Estimasyon aktivite segondè an 2020	64.2	31.8%
Estimasyon aktivite mwayèn an 2020	64.1	31.8%
fèb estimasyon aktivite yo an 2020	64.0	31.9%

	MMTCO <sub>2</sub> e	% Rediksyon depi 1990
Nivo aktivite 1990 apati jen 2022 2 <sup>yèm</sup> Dokiman	93.5	n/a
Limit 2020 apati jen 2022 2 <sup>yèm</sup> Dokiman	70.1	25%
aktivite pasyèl ki disponib an 2020	60.4	n/a
Estimasyon aktivite segondè an 2020	64.2	31.4%
Estimasyon aktivite mwayèn an 2020	64.1	31.4%
fèb estimasyon aktivite yo an 2020	64.0	31.5%


#### Leson yo dwe aprann nan rezilta 2020 an

Malgre siksè rediksyon aktivite emisyon gaz a efè tèmik nan Massachusetts an 2020, ane 2020 an se te yon ane anòmal pou aktivite emisyon yo akòz pandemi kowonaviris la. Nan mwa mas 2020, òganizasyon Mondyal Lasante te deklare COVID-19 la se te yon pandemi, epi gouvènè Baker te deklare eta d ijans. Pandan nèf mwa ki vin aprè yo, mezi yo te aplike pou kontwòle pwopagasyon COVID-19 la te lakòz ralantisman enpòtan nan aktivite ekonomik atravè Commonwealth ki te redwi anpil aktivite GHG. Yon pati nan ralantisman sa a se te diminisyon nan kondwi, epi yon rediksyon enpòtan nan aktivite GHG ki asosye ak transpò. Malgre gwo siksè nan respè limit aktivite 2020 an, rediksyon 31.4 pousan nan aktivite an konparasyon ak nivo 1990 la ki pasyèlman asosye ak pandemi an.

Efè pandemi COVID-19 la sou reyalizasyon Commonwealth nan limit 2020 an te demontre mezi yo te aplike pou sispann pwopagasyon COVID-19 la mete aksan sou chanjman nan konpòtman ekonomik ki diminye aktivite yo onivo eta a. Regleman pou atenn limit 2025 ak 2030 epi ranfòse kapasite Commonwealth pou l atenn netralizasyon zewo an 2050 dwe konsidere rediksyon aktivite pasyèlman enpòtan ki lakòz sikonstans yo etranj an 2020. Anplis de sa, regleman klima Massachusetts la ta dwe pwofite opòtinite a pou apiye sou nouvo nòmalye pandemi an te kreye pou ankouraje sektè ki pi ba nan aktivite yo pou kontinye pi lwen pase pandemi an.

Deklarasyon sou Konfòmite

Massachusetts te respekte limit aktivite GHG yo konplètman onivo eta a ki se nivo 25% ki pi ba an 1990 lè l atenn nivo aktivite nan omwen 31.4% ki pi ba pase nivo 1990 la, daprè pi bon done ak mezi ki disponib.

  
Bethany A. Card